

**PANDUAN LENGKAP  
PERINGATAN MAULID NABI SAW  
7 MARET 2010**

**oleh  
H. Ma'mur Saadie**

**SUSUNAN ACARA MULUDAN 7 MARET 2010  
DI RUMAH REMAJA**

NO	WAKTU	KEGIATAN	TEMPAT	PNGNG JWB
I	07.00-07.30	Berziarah	Makam Albidayah	H. Aa S.
II	07.00-07.30	Marching Band PIK Remaja M.Ts. Almukhtariyah Cipatat	M.Ts Albidayah menuju arena "Rumah Remaja"	H. Ayi S Ayi Muhammad H. Ayi Hanafiyah Keamanan: Polsek, Hansip
III	ACARA DI ARENA RUMAH REMAJA			Dadan Z.A.
1	07.30-07.45	Marawis	Elfata	Ust. Hani
2	07.45-07.50	MC Membuka Acara	Panggung Utama	Dadan Z.A.
3	07.50-08.00	Tilawah Kalam Suci	Panggung 2	Febriani
4	08.00-08.10	Sambutan I	Panggung Utama	Ketua Rumah Remaja
5	08.10-08.20	Musikalisasi Puisi Islami "Wedang Jahe"	Panggung Utama	Dilli WJ
6	08.20-08.35	Sambutan II	Panggung Utama	Pej. setempat
7	09.15-09.20	Baca Puisi "Seberkas Cahaya di Rumah Allah"	Panggung Utama	Drs. Sumiyadi, M.Hum Ketua Jurusan Diksatrasia UPI
8	08.45-09.15	Sambutan Utama	Panggung Utama	Bupati Bdg Brt
9	08.35-08.45	Musikalisasi Puisi Islami "Lazuardi"	Panggung Utama	Dian Uuk
10	09.20-09.30	<b>KADEUEUH KANGJENG NABI MUHAMMAD SAW KA UMATNA</b>	PU	Prof.Dr. H.Yoyo Mulyana, M.Ed. (Mantan Rektor UNTIRTA)
11	09.40	Sholawat	PU	H. Ma'mur S.
12	09.40 -09.45	Refleksi Mahabbah	PU	Ahmad Dimiyati, Phd Dirjen Hortikultura
13	09.45-10.00	Genderang Rindu dan Jerit Mahabbah	Seluruh Arena	H. Ma'mur Saadie
13	09.45-11.30	Marhaba angklung, marawis, seluruh jamaah	PU	H. Ma'mur Saadie
14	11.30-11.45	Doa Khotam Maulid	PU	Kiayi yang paling senior

Didugikeun ku Prof. Dr. H. Yoyo Mulyana, M.Ed.

**KADEUEUH  
KANGJENG NABI MUHAMMAD SAW  
KA UMATNA**

Di Padang Mahsyar manusa katalangsara. Manusa ngalaman prahara Qiyamat anu rongkah taya bandingna. Jalma anu di dunyana kafir, di Padang anu pinuh ku rasa ketir, ting gorowok mementa tulung “Nun Gusti, tumplekkeun kanyaah Anjeun, enggalkeun abdi gebruskeun kana naraka. Di dieu geus teu kiat abdi nandangan kariweuh anu pohara.

Sakabeh manusa nu aya di Padang Mahsyar mementa tulung ka Nabi Adam A.S. Nanging mantenna teu kersa kumargi ngaraos kagungan dosa. Tuluy penduduk Padang Mahsyar ngayakeun musyawarah. Mufakat kakara kacekel sanggeus musyawarah anu lilana sarebu taun. Tuluy maranehna ngadeuheusan Nabi Nuh A.S. Mantenna oge henteu sanggem. Tuluy maranehna musyawarah deui sarebu taun. Ngan kitu jeung kitu pamolah penduduk Padang Mahsyar. Rebu taun katalangsara. Madep deui ka Nabi Ibrohim, ka Nabi Musa, ka Nabi Isa A.S.

Prahara Padang Mahsyar beuki rongkah. Milyaran jalma pasedek-sedek, ting jalerit di tiap-tiap tempat. Para Nabi teu aya nu sanggem nyafaatan manusa penduduk Padang Mahsyar. Nabi Isa A.S. nganjurkeun supaya madep ka Penghulu para rosul, pamingpin para ambiya, Sayyiduna wa Maulana Muhammad SAW. Kangjeng Nabi Isa teu liren ngaguar kautamaan Kangjeng Nabi Muhammad SAW anu sateuacanna teu kantos aya pangalem nu endahna nyamian pamuji Nabi Isa.. Manusa-manusa beuki sono. Manusa beuki kangen ka Jungjunan

Alam. Manusa beuki sono ka makhluk Allah anu pangpunjulna. Sakabeh manusa sarono ka Sayyiduna wa Maulana Muhammad SAW.

Gagancangnang penduduk Padang Mahsyar muru Kangjeng Nabi SAW.: "Duhai Jungjungan, ya Sayyidana, ya habibana, ya Muhammad, Paduka makhluk kakasih Gusti, Paduka Nabi pinilih; mugi Paduka kersa nulung ka abdi sadaya."

Kangjeng Nabi SAW ngadawuh: "Kaula bisa. Kaula bisa nulungan jalma-jalma kalawan izin Allah."

Kangjeng Nabi SAW, salajengna, madep ka Hadirat Allah 'Azza Wajalla kalawan neda widi ka Mantenna. Allah SWT ngawidian. Lalangse nu janten hijab dibuka. Kangjeng Nabi naek ka lebet 'Arsy, sujud, Kangjeng Nabi sujud. Mantenna linggih di 'Arsy salami sarebu taun. Mantenna teu liren-liren ngahaturkeun pamuji ka Gusti Allah kalawan pamuji anu teu kantos didugikeun ku makhluk sanes, anging Kangjeng Nabi ku Anjeun. Allah SWT ngadawuh: "Wahai Muhammad, prak geura wakca, naon pangabutuh Anjeun?"

Kangjeng Nabi ngawaler: "Nun Gusti, mugia Gusti enggal-enggal masihan putusan perkara hamba-hamba Gusti, kumargi manusa sadaya parantos lami ngadeg ngantos putusan. Sadaya makhluk parantos ngaku ihwal dosa-dosana. Nun Gusti!"

"Bagea, ya Muhammad, Kaula ngabulkeun doa Anjeun."

Salajengna Gusti cumeluk: "Wahai, sawarga, Anjeun geura midang."

Sawarga Allah nyambuangeun wawangi anu kaangseu ti jarak 500 taun perjalanan. Seuseungitan anu ningtrimkeun qolbu jalma anu ariman. Tapi, jalma anu goreng amalna teu bisa ngangseu harumna sawarga.

Allah SWT marentah ka para malaikat supados madepkeun naraka ka Mantenna. Naraka merod, gimir, ketir, ngarasa sieun jeung keueung. "Wahai malaikat Allah, kaula sieun bilih Gusti Allah parantos nyiptakeun makhluk nu leuwih rongkah batan kaula, makhluk nu baris nyiksa kaula."

Malaikat ngawaler: "Demi Allah, henteu. Ukur Anjeun nu diciptakeun pikeun ngazab makhluk, jalma-jalma nu basangkal jeung ma'siat ka Gusti."

Saterasna, malaikat ngagiring naraka madep ka Hadirat Allah. Naraka nangtung dina tangtungan opat fundasi. Naraka digiring kalawan 70 rebu tali cangreud nu tohaga. Dina tiap-tiap tali cangreud, aya 70 rebu liang buleud anu tiap hiji liang moal bisa katutupan ku sajumlah beubeusian anu aya di dunya. Dina tiap eta bunderan linggih 70 rebu malaikat Zabaniyyah.

Gumuruh sora naraka. Ting jelegur muncrat seuneuna. Lamun jarak naraka jeung jalma kira-kira sarebu taun perjalanan, naraka bakal lesot tina cekelan para malaikat Zabaniyyah. Naraka ngagejret. Padang Mahsyar eundeur, leuwih dahsyat batan gempu anu rongkah pohara. Penduduk Mahsyar ting jalerit. Bahkan para ambiya oge galeumpeur. Nabi Ibrohim, Nabi Musa, Nabi Isa muntang pageuh kana 'Arsy Allah. Kangjeng Nabi Ibrohim lali ka Nabi Ismail, putrana. Nabi Musa lali ka

Nabi Harun, saderekna. Nabi Isa lali ka Siti Maryam, tuang ibuna. Marantenna jumerit: "nafsi, nafsi, diriku, diriku, sim abdi Gusti, sim abdi, tulungan Nun Gusti."

Nanging Kangjeng Nabi SAW jumerit mumuntang ka Gusti: "ya Robbi, ummati, ummati, ummat abdi, umat abdi, ya Allah salametkeun umat abdi!"

---

Didugikeun ku  
Ma'mur Saadie

الصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَيْكَ  
يَا سَيِّدِي يَا رَسُولَ اللَّهِ  
خُذْ بِيَدِي قَلَّتْ حِيلَتِي أُدْرِكْنِي

Solawat sareng salam mugia tetep ka Paduka,

duh Jungjunan, ya Rosulallah;

tuyun abdi, taya deui tarekah abdi,

duh, tulungan abdi.

## REFLEKSI MAHABBAH KEPADA ROSUL SAW

Didugikeun ku H. Ahmad Dimiyati, Phd.

DIRJEN HORTIKULTURA DEPTAN RI

Kitu geuning, kanyaah sareng kadeudeuh Kangjeng Nabi SAW ka ummatna. Sedeng urang, ngan saukur tiasa mintonkeun kabutuh ka Mantenna. Urang mung tiasa mintonkeun tawis mahabbah ka Mantenna. Kitu oge, boa-boa mung ukur akon-akon. Urang mung ukur taun sakali ngayakeun muludan. Urang mung ukur sok ngariung marhabaan. Mung ukur. Mung saukur. Nanging, urang gaduh kayakinan, Kangjeng Nabi ngagaduhan sifat *roufurrohim* ka jalma-jalma anu ariman. Subhanallah!

Kitu geuning, kanyaah Kangjeng Nabi ka ummatna. Nalika mayunan rongkahna syakrotul maut, Mantenna jumerit: *ummati, ummati, ummati*. Tiap-tiap ziarah ka pemakaman Baqi, Mantenna cumeluk: *ummati, ummati, ummati*. Di Padang Mahsyar anu pinuh ku parahara anu rongkah, Mantenna munajat: *ummati, ummati, ummati*.

Dumasar kana pedaran sapertos kitu mah, cindek pisan dina manah urang, dawuhan Kangjeng Rosul anu kaunggel dina hadits:

عَنْ أَنَسٍ رَعَى أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ قَوْلَ الَّذِي  
نَفْسِي بِيَدِهِ لَا يُؤْمِنُ أَحَدُكُمْ حَتَّىٰ أَكُونَ أَحَبَّ إِلَيْهِ  
مِنَ وَالِدِهِ وَوَالِدِهِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِينَ

Ti Anas RA, satemenna rosulullah SAW ngadawuh: Demi Dzat anu diri kaula aya dina kakawasaan-Na, teu sampurna iman hiji jalma di antara

aranjeun, samemeh manehna leuwih micinta ka Kaula batan ka indung-bapana, anak-anakna, jeung manusa sakabehna.

Aya harepan anu ageung pikeun urang kanggo ngahontal kasalametan di akherat jaga. Teu aya sanes, sabab urang gaduh Kangjeng Nabi anu kagungan syafaat udzma. Urang butuh sareng miharep pisan kana syafaat Mantenna..Mugia Gusti maparinkeun kurnia-Na ka urang sadaya, tiasa ngahontal maqom mahabbah ka Allah SWT sareng ka rosul-Na anu mulya. Mugia bae urang kalebet kana jalmi anu digambarkeun dina hadits ieu:

وَقَامَ أَعْرَابِيٌّ إِلَى رَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَهُوَ  
يَخْطُبُ فَقَالَ يَا رَسُولَ اللَّهِ مَتَى السَّاعَةُ فَقَالَ مَا أَعَدَدْتُ  
لَهَا قَالَ مَا أَعَدَدْتُ لَهَا مِنْ كَثِيرِ صَلَاةٍ وَلَا صِيَامٍ إِلَّا أَنِّي  
أَحِبُّ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ أَنْتَ مَعَ  
مَنْ أَحْبَبْتَ

Hiji waktos sumping hiji lalaki bangsa Arab ka payuneun Baginda Rosulullah SAW nalika Baginda nuju masihan wejangan. Eta lalaki naros ka Kanjeng Rosul: “Ya Rosulallah, iraha sumpingna qiyamat?” Rosulullah SAW ngadawuh: “Bebekelan naon nu geus disiapkeun keur nyanghareupan poe qiyamat?” Si lalaki ngajawab: “Kanggo mayunan qiyamat, abdi henteu nyiapkeun bebekelan solat sareng saum anu seueur, iwal ti abdi temen-temen micinta ka Allah kalih rosul-Na. Rosulullah SAW ngadawuh: “Anjeun bakal babarengan jeung nu dipicinta”.

Ayeuna urang waktosna mintonkeun mahabbah ka Kangjeng Rosul. Mangga gorowokkeun sing bedas pedaran Maulid Barzanji Natsar, Maulid Deba’, Maulid Barzanji Nadzom, atanapi bait-bait maddah syair Burdah Syaikh Albushiry:



يَا رَبِّ يَا الْمُصْطَفَى بَلِّغْ مَقَاصِدِنَا \* وَاعْفِرْ لَنَا مَا مَضَى يَا وَاسِعَ  
الْكَرَمِ

Nun Gusti pangeran abdi kuberkah nabi sinelir

Mugi Gusti ngadugikeun maksud abdi nu utami

Sareng mugi ngahampura Gusti ka abdi sadaya

Kana lampah anu salah hai dzat nu jembar aksami

هُوَ الْحَبِيبُ الَّذِي تُرْجَى شَفَاعَتُهُ \* لِكُلِّ هَوْلِ  
مِنَ الْأَهْوَالِ مُقْتَحِمِ

مَوْلَى صَلِّ وَسَلِّمْ دَائِمًا أَبَدًا \* عَلَى  
حَبِيبِكَ خَيْرَ الْخَلْقِ كُلِّهِمْ

Ciri-cirina urang Mahbbah ka Kangjeng Nabi, urang taat kana ajaran Mantena: 1. Gumati kana solat anu difardukeun; 2. Digindingan ku rupa-rupa solat-solat sunat; 3. Resep jeung getol maca Alquran; 4. Dawam dzikir ka Gusti; 5. Nanjeurkeun sunnat Rosulullah SAW: a. tatacara tuangleueut b. tatacara di jamban c. tatacara dangdan d. tatacara ngagunting kuku, jeung rea-rea deui sunat Rosul anu kedah dimumule ku urang sadayana.

**GENDERANG RINDU DAN JERIT MAHABBAH**

oleh : Marching Band, angklung, hadroh, marawis, dn seluruh jamaah

### Gambaran Sekilas

1. Ya Robbibil Mushtofa oleh : anak kecil sayup-sayup lalu berangsur menguat. Lalu bersama-sama Febriani dengan kuat (2 kali). Lalu senyap.
2. Biola membawakan lagu *Hafidzol Ilahu* 1x. Senyap lagi.
3. Angklung membawakan lagu Hafidzol ilahu 1x lalu diisi dengan vokal:  
Neneng Sri Wulan (Lazuardi) dan Nevi (Wedang Jahe)  
*Nun Gusti mugia nyambuangeun wawangi ...* 1x. (Fause lagi).
4. Ibu-ibu diimami oleh seorang mendendangkan tarjamah ya Robbibil  
Mushthofa (berulang terus sampai akhir genderang)
5. Disusul Tim marawis diikuti jamaah M.Ts membaca Ya Robbibil dengan penuh darah (cepat dan syakr) diiringi tetabuhan hadroh dan marawis.  
Berlangsung terus sampai berakhir genderang.

يَا رَبِّ يَا الْمُصْطَفَى بَلِّغْ مَقَاصِدَنَا \* وَاعْفِرْ لَنَا مَا مَضَى يَا وَاسِعَ  
الْكَرَمِ

6. Key Board mengeluarkan suara gemuruh. Semua angklung dibunyikeun gemuruh. Berlangsung terus sampai akhir.  
Semua jamaah pria mendzikirkan cepat dan syakr

هُوَ الْحَبِيبُ الَّذِي تَرَجَى شَفَاعَتِي \* لِكُلِّ هَوَلٍ مِنَ الْأَهْوَالِ  
مُفْتَحِمْ  
مَوْلِي صَلِّ وَسَلِّمْ دَائِمًا أَبَدًا \* عَلَى حَبِيبِكَ خَيْرَ الْخَلْقِ كُلِّهِمْ

7. Marching band dibunyikan dengan nada semangat 2 menit.

8. Menjelang akhir, Febriani mendendangkan sholawat dengan suara

melengking (3x):

الصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَيْكَ  
يَا سَيِّدِي يَا رَسُولَ اللَّهِ  
خُذْ بِيَدِي قُلْتُ حَبِلْتِي أُدْرِكْنِي

9. Semua tabuhan dan suara berhenti bersama-sama dengan berakhirnya pembacaan sholawat oleh qariah. (Fause, langsung marhaba sampai doa penutup Khotam Maulid)

10. Alhamdulillah.